К-7-2

75б

# АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКIЭ ОЛИМПИАДЭ
# 7 КЛАСС

**1. ЗэкIэлъыхьа псалъэхэр псалъалъэм зэритын хуейм хуэдэу къокIуэ:**
а) бэзэрынэ, бзэгулъэ, биижь, быж, быхъуагъ, бюджет;
б) гуэл, гудзакъэ, гупыж, гуIэ, гуэгъэувэн, гуэгуш, гущIэлъапсэ; —
в) гъуэтын, гъуэщIэс, гъубж, гъунэгъу, гъуэгын, гъуей;
г) дяпэкIэ, дыджагъ, дыгъэ, дэIуэн, дэкIуеин, дагъэ.

**2. Хьэрфхэмрэ макъхэмрэ къэпсэлъыкIэкIэ щызэтехуэркъым:**
а) дахэ, бажэ, ныкъуэ, быIуэбышэ, гъуазджэ;
б) вакIуэ, гъыринэ, жып, кIуэсэн, бдзантхьэ; +
в) къурш, ипщэ, пкъо, гъунэгъу, кърухугу;
г) куэзыр, джанэ, гъаблэ, хъуэхъу, IуэнтIэн.

**3. Адыгэбзэ алфавитым макъ къамыгъэлъагъуэу хэтщ**
а) дамыгъищ; б) дамыгъитI; в) дамыгъиплI; г) зы дамыгъэ. —

**4.** ***«Жьгъыжьгъ-дэгу-пIытIа»*** **жиIэу, гуэгъу зэхуэхъу макъхэм я бжыгъэр**
а) 24-рэ мэхъу; б) 21-рэ мэхъу; в) 32-рэ мэхъу; г) 9 мэхъу. +

**5. Пычыгъуэ зэIуха защIэ зыхэт щапхъэ зэкIэлъыкIуэхэр къыхэхын:**
а) батэ, къэб, макIуэ, джэгу, тэрмэш;
б) гуэдз, чырбыш, щхьэмыж, уэс, тыкуэн; +
в) мазэ, чыцэ, бзий, къуэкIий, дамэ, псей;
г) Iэпщэ, къуажэ, Iуба, хьэнцэ, тэрэзэ, ярэби.

**6.** *Мэзхъумэ, шызешэ, напэIэлъэщI, кIэртIофщIэтхъуэ*–**псалъэхэр къэхъуащ**
а) щыIэцIэрэ глаголрэ зэпыувэу; б) глаголитI зэпыувэу; +
в) глаголым щыIэцIэ пыувэу; г) щыIэцIитI зэхыхьэу.

**7. ЗэкIэлъыхьахэм псалъэ лъэпкъыгъуэхэм щымыщ хэтщ:**
а) плъыфэцIэ, глагол, наречие, дополненэ, междометие;
б) деепричастие, щыIэцIэ, послелог, бжыгъэцIэ; +
в) причастие, цIэпапщIэ, щыIэцIэ, союз, бжыгъэцIэ;
г) щыIэцIэ, плъыфэцIэ, бжыгъэцIэ, цIэпапщIэ.

**8. Хьэрып псалъэу, адыгэбзэм къищтащ:**
а) бэлътоку, кIэнфет, стIол; б) акъыл, хьэрф, хъыбар; +
в) гъатхэ, лыбжьэ, мэлыхъуэ; г) общежит, класс, каникул.

**9. БжыгъэцIэ зэхэлъхэм я щапхъэщ:**
а) пщIы, езанэ, щэщIрэ плIы, тIощI; б) япэрей, ещанэрей, епщIанэ, епщыкIузанэ;
в) тIощI, хыщI, бгъущI, пщыкIуий; г) щэщIрэ зы, плIыщIрэ щы, тхущIрэ блы. +

**10. ЩытыкIэ къэзыгъэлъагъуэ плъыфэцIэхэщ:**
а) дохутыр (Iэзэ), фэ (бгырыпх), дыжьын (сампIалъэ); б) гъущI (куэбжэ), ипщэ (хьэблэ);
в) нобэрей, дыщэ (сыхьэт), нэгъабэрей; г) хужь, ин, хуабэ, дыдж, быдэ. —

**11. Iуэху зыхуэмыщIэу, жьэкIэ псори зэфIэзыгъэкIым хужаIэ:**
а) мыкIуэмытэ; б) жьэрыIэзэ Iэпэзадэ; в) Iэгуахъуэ; г) Iэпэзэтедзэ. +

**12. Сосрыкъуэ, лIыгъэкIэ пэмылъэщу, бзаджагъэкIэ текIуащ:**
а) Тохъутэмыщ; б) Тотрэш; в) Тыргъэтауэ; г) Темыр лъашэ; +

**13. Лъэпщ зи гъукIэ гъэсэну щытар**
а) Дэбэчщ; б) Сэтэнейщ; в) Бэдынщ; г) Уэрсэрыжьщ. +

**14. ЩоджэнцIыкIу Алий мыпхуэдэ поэмэ итхакъым:**

а) «ЩІымахуэ жэщ»; б) «Партизан Жамбот»; в) «Хьэжыгъэ пут закъуэ»;
г) «Тембот и дыгъуасэхэр».

**15. Ауан е ущииныгъэ гуэр зыхэлъ хъыбар кІэщІыр**

а) таурыхъщ; б) рассказщ; в) баснящ; г) усэщ.

**16. …Псыуэ къуажэм я нэхъ уэрыр**
**Ухъу, фыхуеймэ, псы ІумпІафІэ.**
**Зауэм Іутыр хъуам уІэгъэ –**
**Ухъу зауэлІыр хъужыкІафІэ** – едзыгъуэр зытхар, зыщыщ тхыгъэр къыхэфх

а) КІыщокъуэ А. «Хъуэхъу»;
б) ЩоджэнцІыкІу А. «ЩІымахуэ жэщ»;
в) КІыщокъуэ А. «Поэзие»;
г) ЩоджэнцІыкІу А. «Гъатхэ».

**17. Псалъэжьхэр нэгъэсыж:**

а) Іуэху мыублэ ____________________;
б) Узыдэмыхьа къуакІэ ____________________;
в) Мыщэ дыгъужь ____________________;
г) Адакъэ мыІуэкІи ____________________.